

Sa ki nesesè nan randevou sètifikasyon WIC ou a:

- **Lè sa nesesè, mennen chak fanm, tibebe, ak timoun k ap aplike pou WIC.**
- **Prèw TOUT revni pou chak moun nan kay la** (montan anvan yo retire taks ak dediksyon). Revni enkli bagay tankou: salè, pansyon alimantè pou timoun, pansyon alimantè pou granmoun, pèman pou timoun ki nan mezon dakèy, enterè ou retire, konpansasyon pou chomaj, ak revni sèvis militè.
 - **Prèw revni an dwe tout kòb ou fè pandan 30 dènye jou yo.** Si yo peye chak semèn, bay 4 souch peman. Si yo peye chak de (2) semèn oswa chak 15 jou, bay 2 souch peman. Si montan an pa chanje pou chak peryòd peman, yon sèl souch peman akseptab. **OSWA,**
 - **Si w resevwa Medicaid, Asistans Lajan Tanporè (TCA), oswa Asistans ak manje (SNAP), ou kalifye pou WIC epi w ka pa bezwen prèw revni.**
- **Vini ak YON prèw adrès ou.** Prèw yo aksepte enkli bil kouran, dlo, deklarasyon labank ak asirans, oswa lisans pou kondwi. Fòk ou abite nan Florid kounye a, men li pa nesesè pou se yon sitwayen ameriken.
- **YON prèw idantifikasyon pou ou ak YON prèw idantifikasyon pou nenpòt tibebe oswa timoun k ap aplike pou WIC,** tankou ak nesans, lisans pou kondwi, kat yo te mete nan bèso l lè l te fèk fèt, idantifikasyon sèvis militè, idantifikasyon ki gen foto, kat sekirite sosyal, oswa dosye lopital.
- **Yon Fòm referans medikal WIC ranpli pou chak fanm, tibebe, oswa timoun k ap aplike, si sa disponib.**
- **Nimewo Sekirite Sosyal pou chak moun k ap aplike pou WIC, si sa disponib.**
- **Dosye vaksinasyon pou chak timoun, si sa disponib.**

Biwo lokal WIC

Dapre lwa sou dwa sivil federal ak règleman ak politik Depatman Agrikilti Ameriken (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oswa revanj pou aktivite anvan dwa sivil yo. Yo kapab mete enfòmasyon sou pwogram yo disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken), ta dwe kontakte responsab Ajans Eta oswa lokal ki administre pwogram lan oswa USDA's TARGET Center nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relay Federal la nan (800) 877-8339. Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram lan, yon moun k ap pote plent ta dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Ou kapab jwen yon Fòmilè pou Plent sou Diskriminasyon nan Pwogram USDA a sou Entènèt nan: <https://www.fns.usda.gov/sites/default/files/resource-files/ad3027-haitian-creole.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (866)-632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adrese bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun k ap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòmasyon Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Ou dwe soumèt fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli nan USDA pa:

(1) pa lapòs:

U.S. Department of Agriculture
Office of the Assistant Secretary for Civil Rights
1400 Independence Avenue, SW
Washington, D.C. 20250-9410; oswa

(2) faks: (833) 256-1665 or (202) 690-7442; oswa

(3) imèl: Program.Intake@usda.gov

Enstitisyon sa a ofri tout moun menm opòtinite a.

DH 150-320, 6/25



KONTAKTE WIC JODI A

Èske w ansent, ap bay tete oswa gen yon timoun ki poko gen 5 lane aktyèman?

Si se sa, ou kapab elijib pou benefisye WIC.

FloridaWIC.org



800-342-3556

WIC Yon Pwogram Nitrisyon

pou fanm ki ansent oswa ki te ansent, fanm k ap bay tete, tibebe, ak timoun ki poko gen 5 lane.

WIC bay bagay sa yo gratis:

- Manje ki bon pou lasante.
- Edikasyon ak konsèy sou nitrisyon.
- Sipò pou bay tete.
- Referans pou swen medikal, vaksen ak sèvis nan kominote a.

Elijibilite pou WIC

Ou dwe genyen yon revni total pou fanmi ki egal oswa ki pi piti pase kantite ki nan **Gid WIC sou revni** yo OSHA ou dwe enskri nan Medicaid, Asistans Lajan Kach Tanporè (Temporary Cash Assistance, TCA), oswa Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) nan moman an.



Gid WIC sou revni

Pou yon fanm ki ansent, chak tibebe ki poko fèt konte pou yon moun anplis nan kantite moun ki nan kay la.

Kantite moun ki nan kay la

Revni Mansyèl anvan taks ak dediksyon

1.....	\$2,413
2.....	\$3,261
3.....	\$4,109
4.....	\$4,957
5.....	\$5,805
6.....	\$6,653
7.....	\$7,501
8.....	\$8,349

Revize 6/19/2025

Kijan pou Aplike pou WIC

- Vizite [FloridaHealth.gov/WICcontacts](https://www.floridahealth.gov/WICcontacts) oswa [SignUpWIC.com](https://www.SignUpWIC.com) osinon rele gratis nan nimewo **800-342-3556** epi yon operatè ap ba w nimewo telefòn biwo WIC lokal ou a pou w aplike.
- Biwo lokal WIC la pral baw yon dat ak lè pou yon vizit pou sètifikasyon WIC. Nan vizit sa a, yo pral egzamine revni fanmi an, estati medikal/nitrisyon chak kandid. Pandan randevou sa, w ap detèmine si oumenm ak tibebe w la elijib pou benefisye WIC la.

